

DIAJAR DUMASAR KANA TÉKNOLOGI *ARTIFICIAL INTELLIGENCE* PIKEUN NINGKATKEUN *CRITICAL THINKING* PESERTA DIDIK DINA MATA PELAJARAN PENDIDIKAN PANCASILA

(Quasi Ékspérimén Ka Peserta Didik Kelas X di SMA Kartika XIX-1 Bandung)

Ku:

Siti Wahyuni

NPM 215010020

Program Studi Pendidikan Pancasila sareng Kawarganagaraan

Fakultas Kaguruan sareng Ilmu Pendidikan

Universitas Pasundan

RINGKESAN

Panalungtikan ieu, anu dilaksanakeun di SMA Kartika XIX-1 Bandung, boga tujuan pikeun nalungtik kanaékan *Critical Thinking* siswa dina pangajaran Pendidikan Pancasila ngaliwatan implementasi téknologi *Artificial Intelligence* (AI) kalawan maké aplikasi Canva. Panalungtikan ieu ngagunakeun pendekatan kuantitatif kalawan métode quasi-eksperimen sarta desain *nonequivalent control group*, ku cara nganalisis hasil *pre-test* jeung *post-test* ti kelas ékspérimen jeung kelas kontrol. Hasilna, tina uji regresi linier sederhana jeung uji *independent sample t-test*, némbongkeun yén pangajaran basis AI nyumbang gedé pisan, nyaéta 69% ($R^2 = 0,690$) kana paningkatan *Critical Thinking*, sarta sésana 31% dipangaruhan ku faktor-faktor éksternal penting saperti motivasi siswa jeung gaya ngajar guru. Uji *independent sample t-test* ogé negeskeun aya bédana anu signifikan antara hasil *post-test* dua kelompok éta ($p = 0,000 < 0,05$), anu sacara jelas nunjukkeun yén intervensi ieu méré dampak anu positif jeung éféktif. Pikeun kacindekanana, pangajaran basis AI kabuktian méré pangaruh anu éféktif jeung signifikan kana *Critical Thinking*, sahingga bisa dijadikeun hiji inovasi pangajaran anu pohara penting pikeun pendidikan Pancasila di éra digital.

Kecap Pamageuh: *Artificial Intelligence, Critical Thinking*, Pendidikan Pancasila.